



American Heart Association[®]

Cardiovascular-Kidney-Metabolic
Health Initiative™



Kesyon pou Poze yon Pwofesyonèl Swen Sante

Sante Ren ak Sendwòm Kadyovaskilè-Ren-Metabolik (Sendwòm CKM)

CKM vle di kadyovaskilè-ren-metabolik

Sa eksplike fason kè a, ren yo ak sistèm metabolik la (fason kò a pwodui, konsève epi itilize enèji) konekte ansanm.

Li enpòtan pou konprann wòl sante ren an paske ren yo ede kontwòle tansyon ak ekilib nan likid, sa ki afekte sante kè w anjeneral.

Lè sante ren an chanje, tout kò a ka afekte. Chanjman nan ren yo souvan rive yon fason ki lan epi san sentòm.

Lè ou poze kesyon sa ka ede pwoteje fonksyon ren an bonè.

Anvan Vizit la



Mete dènye chif kontwòl sante yo prè (tansyon, sik nan san, kolestewòl ak trigliserid, endis mas kò (BMI) ak mezi onivo vant ou).

- Panse pou vini ak yon moun ki ka soutni w menm si se nan telefòn nan li ye l ap koute.
- Prepare yon lis medikaman konplè (ki gen ladan sipleman, vitamin, mineral). Ou ka mande famasi w la pou enprime yon lis pou ou, epi apre sa ajoute nenpòt sipleman.

- Ekri nenpòt kesyon ki nouvo, sou bagay ki vin pi mal oswa sou sa ki enkyete w (enfòmasyon, fatig, chanjman nan pipi).
- Mete 2-3 premye kesyon prensipal pou poze pandan vizit la. (gade egzanp kesyon pou poze yo).

Poukisa li enpòtan:

Evolisyon atravè tan an yo ede montre si ren yo estab oswa anba presyon.

Pandan Vizit la



Koute avèk atansyon, pran nòt epi poze kesyon si genyen nenpòt bagay ou pa konprann.

4 kesyon pou poze yon pwofesyonèl swen sante sou sante ren

Èske mwen deja resevwa tès depistaj rapò albimin/kreyatinin nan pipi (UACR) mwen an?

- Sa se yon tès pipi ki verifye albimin, yon tip pwoteyin.
- Li ka ede detekte domaj potansyèl nan ren.

Èske yo te mezire estimasyon rapò filtrasyon glomerilè mwen an (eGFR)?

- eGFR Se yon tès san ki mezire nan ki vitès ren yo ap filtre san an.
- Li ka ede detèmine si ren yo ap byen fonksyone.

Ki siy oswa sentòm mwen ta dwe konnen sou maladi ren?

Kijan mwen ka pran swen ren m yo epi amelyore sante ren m?



Poze Kesyon sou Risk yo

“Kijan ren mwen yo ap afekte kè m?”

“Èske tansyon wo ap andomaje ren m yo?”

“Èske tansyon wo ap nui ren mwen yo?”

Èske mwen gen siy enflamasyon kwonik (siy estrès alontèm) ki ka ap afekte ren m yo, kè m oswa sante metabolik mwen?”

Poukisa li enpòtan:

Lè ou konprann lyen ki genyen ant kè ak ren yo sa ede anpeche konplikasyon alontèm sou sante yo.

Poze Kesyon sou Tretman an

“Èske medikaman m yo ap pwoteje ren mwen yo oswa èske yo ta dwe ajoute lòt?”

“Èske genyen tretman ki pwoteje alafwa kè m ak ren m yo?”

“Èske mwen ta dwe ale wè yon espesyalis?”

Poukisa li enpòtan:

Kèk medikaman ka ralanti domaj ren an epi bese risk kè a.

Aprè Vizit la



Anvan ou ale, konfime:

- Dat pwochen tès laboratwa mwen an
- Dat pwochen vizit suivi mwen an
- Konprann rezilta tès mwen yo (sa yo vle di ak sa pou prevwa)
- Tout sentòm mwen ta dwe okouran de yo epi kilè ak kijan pou m kontakte ekip swen an
- Tout nouvo medikaman sou preskripsyon oswa medikaman san preskripsyon epi ki jan pou pran yo



Pale ak pwofesyonèl swen sante w la sou pwochen etap ou yo. Ou pa nan sa poukont ou.

Lakay la: Suiv enstriksyon pwofesyonèl swen sante w la epi rele l si:

- Vin genyen efè segondè oswa pwoblèm ak medikaman yo
- Vin genyen nenpòt nouvo sentòm oswa sentòm ki vin pi mal
- Nenpòt nouvo medikaman sou preskripsyon oswa medikaman san preskripsyon ke w kòmanse.
- Rezilta tès yo rive, oswa ou bezwen èd pou konprann sa yo vle di
- Lòt sipò oswa èd si sa nesèsè pou nenpòt pwoblèm medikal

Kesyon ki klè yo mennen nan plan ki pi klè, epi jesyon sante ren yo ka ralanti pwogresyon sendwòm CKM, diminye risk maladi kè epi anpeche konplikasyon nan lavni.

Pou jwenn plis enfòmasyon, tanpri vizite:

heart.org/myckmhealth “(sitwèb an Anglè)”

Inisyativ Sante Kadyovaskilè–Ren–Metabolik American Heart Association' an vin posib grasa Esponnsò Fondatè yo: Novo Nordisk ak Boehringer Ingelheim, ansanm ak Esponnsò Sipòtè yo: Novartis Pharmaceuticals Corporation ak Bayer.

ESPONNSÒ FONDATÈ

ESPONNSÒ K AP SIPÒTÈ

